

Règleman 6.03 Pri manje nan lekòl yo

1. Manje ak pri regilye
 - a. Pou ane eskolè 2005-2006 ak 2006-2007 yo, men ki pri Sèvis Kantin Lekòl la DWE chaje pou manje:
 - i. Dejene.—dejene a dwe koute \$1.00 pou tout elèv.
 - ii. Manje midi.—manje midi dwe koute: \$1.50 pou elèv elemantè; \$1.75 pou elèv segondè; ak \$3.00 pou adil.
 - b. Pou ane eskolè 2007-2008 la ak ane apre a, Sipèentandan an oswa responsab la ap fè evalyasyon chak ane swa pou rekòmande pou ogmante pri dejene a atravè revizyon règleman an, ak mete an konsiderasyon faktè tankou deklarasyon enpo sou revni ak depans yo, enpak salè ak benefis sou sèvis kantin lekòl, ogmantasyon nan pri ak valè sèvis livrezon machandiz achete, rediksyon nan alokasyon pwodui USDA, pri dirèk ak endirèk (tankou lajan yo peye distri a pou sèvis manje).
 - c. Pou ane eskolè 2007-2008, manje midi dwe koute: \$1.75 pou elèv elemantè; \$2.00 pou elèv segondè; ak yon pri pou yo detèmine, atravè revizyon règleman sa a, pou adil.
 - d. Pou ane eskolè 2008-2009 la ak ane apre a, Sipèentandan an oswa responsab la ap fè evalyasyon chak ane swa pou rekòmande pou ogmante pri manje midi atravè revizyon règleman an, mete an konsiderasyon faktè tankou sa yo ki sou lis nan sibseksyon (1)(b).
2. Manje ak pri redui.—Nan tout ane yo, pou elèv ki kalifye nan tout nivo yo, pri pou manje redui ap kontinye etabli chak ane dapre prensip federal USDA (ki te \$0.30 pou dejene ak \$0.40 pou manje midi lè yo t ap fè revizyon règleman an nan mitan ane 2005), epi USDA kapab evalye pou fè ajisteman pri posib sou yon baz anyèl.

OTORITE LEGAL: §§ 1001.41(1), (2); 1001.43(8); 1006.06(3), Fla. Stat.

LWA ANVIGÈ: §§ 1001.43(8); 1006.06, Fla. Stat.

DOSYE ISTORIK: 3546.1; Revize: 6/4/83; 13/7/2005